# XALÍQ DEPUTATLARÍ MOYNAQ RAYONLÍQ KEŃESI SHESHIMI

2022 - yil 28 - iyun VI-49-118-13-187-K/22 Mo‘ynoq tuman hokimligi

## Moynaq rayonında korrupciyaǵa qarsı gúresiw baǵdarında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı boyınsha Korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha mekemeleraralıq komissiyası baslıǵınıń esabatı haqqında

Mámleket uyımları sistemasınıń ashıqlıǵın támiyinlewdi jańa dárejege alıp shıqqan “Mámleket uyımları hám shólkemleriniń iskerligi ashıqlıǵın támiyinlew, sonıń menen birge, jámiyetshilik qadaǵalawdı nátiyjeli ámelge asırıwǵa tiyisli qosımsha ilajlar haqqında”ǵı pármanı qabıl etildi. “Korruptsiyaǵa qarsı gúresiw iskerligin nátiyjeli shólkemlestiriwge tiyisli qosımsha ilajlar haqqında”ǵı Prezident Qararı tastıyıqlandı hám usı párman menen “Korruptsiyaǵa qarsı gúresiw boyınsha 2021-2022 jıllarǵa mólsherlengen mámleketlik baǵdarlama” qabıllandı. Bul hújjetlerdiń ámeliy áhmiyeti korruptsiyaǵa qarsı gúresiwge kompleks jantasqan halda institutsional ózgerisler ámelge asırılıwı belgilengen. Moynaq rayonı medicina birlespesi hám de “Rawaj Moynaq Qurılis” jeke kárxanası lawazımlı hám materiallıq juwapker shaxsları “Qipchaqdárya” AShP imaratın ońlaw processinde ámelde orınlanbaǵan jámi 254 mln. 580 mıń sumlıq qurılıs-ońlaw jumısların rásmiy hújjet esaplanǵan esap-fakturani 13.12.2021 jılda bir topar bolıp qálbekilestirip dúzip, tólewge usınıs etip, júdá kóp muǵdardaǵı byudjet qarjıların ózlestiriw hám rastrata qılıw jolı menen talan-taraj etken. Onnan tısqarı Moynaq rayonı kásip-óner mektepi, rayonlıq XBB hám “Rawaj Moynaq Qurılis” jeke kárxanası lawazımlı shaxsları tárepinen jámi 200 mln. 935 mıń swmlıq byudjet qarjıları ózlestiriw hám rastrata qılıw jolı menen talan-taraj etilgen. Bunnan tısqarı Moynaq rayonı Irrigatsiya bólimi bas esapshısı A.Tajimuratov lawazımınan paydalanıp óz basımshalıq penen 2020 -2021 hám usı jıl dawamında jámi 145 mln. swm byudjet qarjıların óziniń atına ashılǵan plastik kartasına ótkerip, óz mápine isletip ózlestiriw jolı menen talan-taraj etkenligi anıqlandı.

Joqarıdaǵı 3 jınayat boyınsha korrupciyalıq is-háreketler ushın jaza anıqlıǵın bir waqıtta “Qaraqalpaqstan suw qurılıs invest” Mámleket shólkemi, kesip alıp islewshi “Arkavoy Meliorator” JShJ hám de Moynaq rayonındaǵı “M-2” kanalın paydalanıwǵa qabıl etken, mámleket qabıllaw komissiyasında qatnasqan ministrlik hám keńselerdiń lawazımlı hám materiallıq juwapker shaxsları “M-2” kanalında orınlanbaǵan 523 mln. 973 mıń swmlıq qurılıs-ońlaw jumısların bir topar bolıp, aldınan jınayıy til biriktirip, lawazımınan keri maqsette paydalanıw jolı menen hújjetlerge qosıp jazıp, júdá kóp muǵdardaǵı byudjet qarjıların ózlestiriw hám rastrata jolı menen talan-taraj etken. Bulardıń hámmesine rayon prokuraturası tárepinen Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 167-statyası tiyisli bánti menen jınayat isi qozǵatılıwı támiyinlendi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 27-maydaǵı “Ózbekstan Respublikasında korrupciyaǵa qarsı gúresiw sistemasın jáne de jetilistiriw ilajları haqqında”ǵı PF-5729-sanlı Pármanı orınlanıwın támiyinlew maqsetinde Moynaq rayonında korrupciyaǵa qarsı gúresiw baǵdarında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı boyınsha Moynaq rayonı Prokurorı - Korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha mekemeleraralıq komissiyası baslıǵı K.Xasanovtıń málimlemesin dodalap, «Jergilikli mámleketlik hákimiyat haqqında»ǵı Nızamınıń 6 hám 24-statyalarına tiykar, Xalıq deputatları Moynaq rayonlıq Keńesi

**SHESHIM ETEDI:**

1. Moynaq rayonında korrupciyaǵa qarsı gúresiw baǵdarında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı boyınsha Moynaq rayonı Prokurorı - Korruptsiyaǵa qarsı gúresiw boyınsha

mekemeleraralıq komissiyası baslıǵı K.Xasanovtıń bayanatı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

2. Korruptsiyaǵa qarsı gúresiw boyınsha Moynaq rayonı mekemeleraralıq komissiyası aǵzaları, kárxana, shólkemler basshıları "2021-2022 jıllarda Moynaq rayonında korrupciyaǵa qarsı gúresiw sistemasındaǵı jumıslardıń ámelge asırılıwı boyınsha kompleks ilajlar rejesi"nde belgilengen wazıypalardıń sapalı hám waqıtında orınlanıwın támiyinlew boyınsha zárúr ilájlar kórsin.

3. Korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha Moynaq rayonı mekemeleraralıq komissiyası baslıǵı (K.Xasanov)na "2021-2022 jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikasında korrupciyaǵa qarsı gúresiw sistemasındaǵı jumıslardıń barısın úyreniw boyınsha kompleks ilajlar rejesi"nde belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın turaqlı qadaǵalawǵa alıp, ámelge asırılǵan jumıslar boyınsha Xalıq deputatları Moynaq rayonı Keńesine esabat berip barıw tapsırılsın.

4. Xalıq deputatları Moynaq rayonı Keńesiniń Sus-huqıq hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha turaqlı komissiyasına orınlarda korrupciya jaǵdayları júz beriwine alıp keletuǵın sistemalı máseleler hám korruptsiyanıń jaǵdayı haqqında hám de bul sistemadaǵı islerdi jetilistiriw boyınsha usınıslardı Xalıq deputatları Moynaq rayonlıq Keńesine turaqlı túrde maǵlıwmat kiritip barıw wazıypaları júkletilsin.

5. Usı sheshim "Aral balıqshısı" gazetasında rásmiy járiyalansın.

6. Usı sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw Xalıq deputatları Moynaq rayonı Keńesiniń Sus-huqıq hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha turaqlı komissiyası (J.Urazbaeva)na júklensin.

**Keńes baslıǵı** **B.Menglibekov**